ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM

10 сентябрь 2020 год №17 (465)



А.-Х. Кадыров



ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

## Муфтий ЧР жестко осудил очередную карикатуру журнала «Charlie Hebdo» на Пророка Мухаммада

*(да благословит его Аллах и приветствует)*



**Советник Главы ЧР, Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев от имени всего Духовного управления мусульман Чеченской Республики решительно осудил повторную публикацию карикатур на Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) французского сатирического издания «Charlie Hebdo».**

«Так называемые «праздники поругания», устроенные минувшим летом на улицах скандинавских стран провокаторами из различных антиисламских движений, публично сжигавших и осквернявших грязной бранью и плевками Священную Книгу мусульман всего мира – Благородный Коран, совершенно объяснимо вызвали гневную реакцию у приверженцев ислама. Прежде всего, у возмущенных иммигрантов и их потомков, беженцев из разных частей света, которые пытались пресечь действия распоясавшихся расистов и исламофобов. С началом осени вслед за кощунственным надругательством над последним Писанием, ниспосланным Всевышним Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), а также акциями правоэкстремистов и националистов с критикой ислама, прошедших при попустительстве властей в многонациональных городах Швеции, Норвегии, Дании и приведших к волне жестоких беспорядков, эскалация религиозных конфликтов вновь возвращается в скандальную Францию. Переиздание французским журналом «Шарли Эбдо» оскорбительных рисунков на Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) – это не просто очередное безответственное деяние сотрудников редакции, выходящее за все моральные и этические рамки, а четко спланированная атака Запада на ислам и все мусульманское сообщество, способная обернуться новыми человеческими жертвами.

Политические шарлатаны из «Шарли» своими карикатурными картинками на великих религиозных деятелей ислама пытаются вновь запугать парижан и весь мир адским жупелом «исламского терроризма». Однако ни у кого уже не должно оставаться абсолютно никаких иллюзий в отношении того, что сама редакция сатирического еженедельника успешно исполняет функции низменных сатиров и демонов политического насилия. Будучи в услужении у начальствующего над ними Сатаны (Иблиса), журнал тиражирует публикации экстремистского толка, дьявольски подталкивая людей к разжиганию идеологической ненависти и религиозной вражде. Именно в этом и проявляется сущность подлинного терроризма и экстремизма, подлого, взращенного на западных псевдоценностях мультилиберализма, вседозволенности и безнаказанности масс-медиа.

От имени Духовного управления мусульман Чеченской Республики мы проклинаем вас – шайтаны, сатанисты. За последствия публикации будете отвечать именно вы. Бремя ответственности за оскорбительные карикатуры лежит на редакции журнала Charlie Hebdo в этом и в ином мире. Вы очень низкие, подлые люди, вы являетесь двуногими существами, ибо животными вас назвать нельзя. Они невиновны и невинны. Вы же являетесь двуногими тварями, безродными существами, оскорбляющими саму сущность человека! Горите вы в аду! Будьте вы прокляты!

Все мы помним события 7 января 2015 года, когда было совершено нападение на редакцию французского журнала Charlie Hebdo, в результате чего погибли 12 человек. Но не будем забывать, что в случившихся смертях повинно именно руководство редакции, которое своими провокационными материалами вызвало жесткую акцию возмездия!

Я думаю, что руководство журнала и стоящие за ним силы зла служат сатане, а не людям! Если же вам отвратна наша религия ислам и противна мусульманская вера, если вы вновь посмеете клеветнически оскорбительно отзываться о Посланнике Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) , то знайте одно: чеченский народ и вся мусульманская умма преисполнены решимости дать достойный ответ глумлению иблисских приспешников.

Поистине, Всевышний Аллах, ниспославший Коран в качестве руководства и милости для миров, Сам оберегает и всегда будет оберегать Свою Книгу от искажений и любых изменений – будет так до Дня Страшного Суда и Воскресения! По сегодняшний день никому не удалось изменить или что-либо сделать с вечным напоминанием и руководством людям, напротив, только сильнее и ярче озаряет мир Нур Священного Корана, его свет и сияние никому не дано остановить.

Так и Нур нашего Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) распространился на всей земле, и после карикатурного скандала многие люди, даже те, которые ранее ничего не знали о милости Создателя для всех миров, являющимся печатью всех пророков, захотели побольше узнать о нем, прочитать его жизнеописание. Каждый день тысячи людей осознанно принимают ислам, проклиная этих шайтанов и прося Всевышнего Аллаха послать на них свое наказание.

Мы, чеченский народ, и вся мусульманская умма всегда будем отстаивать интересы своей религии, верить во Всевышнего Аллаха, Его ангелов, Его писания и Его посланников, укреплять в сердцах искреннюю любовь к Пророку Мухаммаду (да благословит его Аллах и приветствует), следовать последнему наставлению человечеству до скончания времён.

Считающий себя мусульманином даже ценой своей жизни обязан отстоять честь любимца Всевышнего Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует), защищать его вплоть до последнего своего вздоха. Знайте же, агрессивно-воинственные шайтаны, оскверняющие ислам – религию мира и созидания, что мы к этому готовы! И не уйти вам от наказания Всевышнего Аллаха!», – сказал Муфтий ЧР Салах-Хаджи Межиев.

***Магомед Нацуров***

ЭЛЧАНАН ДАХАР

## СИЙЛАХЬ ЭЛЧА

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

### МУХЬАММАДАН ВОЗАЛЛА

***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Наггахь бен ца хуьлучу дикаллин масал дара Мухьаммад (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна). Шен бераллехь дуьйна цIеналлин масал дара, шен вахарехь – шена самукъа, там ца лоьхуш, юхаозалуш хиларан масал дара иза.

Уггаре а нийса кхиэл еш къеда вара иза. Бакъо толош, уггаре а дика куьйгалхо вара иза, уггаре а дика кхиорхо вара. Дала уггаре а хаза гIиллакх, амал шена елла, дика кхиийна, цахуург Iамийна вара иза (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна). Дала шех боккха къинхетам бина вара иза. Цо, терго еш, 1алашвеш ларвина вара иза, дерриге а Iаламе, Шел тIаьхьа цунна муьтIахь хила аьлла, омра дина Дала: «Элчанна муьтIахь верг – Далла муьтIахь ву», – аьлла Цо (Веза-Сийлахь ву Иза) (Къуръан, 4 сурат, 80 аят).

Цкъа а тIулгашна сужуде вахана вац, Делаца накъост лаьцна, тIулгашна Iибадат деш болчу нехан даздаршкахь дакъалаьцна а вац. Кхачаме долчу адаман, кхачаме масал ду Мухьаммад (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна).

Дукхавезаш, дика стаг ву иза, возаллехь кхачаме волуш, бакълуьйш, тешаме волуш. Юхаозавелла хиларехь, цIена хиларехь цуьнца нисвала цхьа а вац. Мухьаммад (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) вевзинарг массо а къера вара, иза са цIена, догдика, хьекъале, тидаме, доьналла долуш хиларна.

Дерриге а Iаламан дика масал ду иза. Лекхаволчу Дала ма аьлла: «Баккъал а, шуна дара Делан Элчанехь хаза масал» (Къуръан, 33 сурат, 21 аят).

### КЪИНХЕТАМЕ МУХЬАММАД

***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) вевзаш хилла къинхетаме, догкIеда, сацIена хиларца. Адамах къахеташ, хьайбанна а диканиг лууш, нIаьна-кIорни цомгаш хилча, цунна дарба лелош, даха меттиг лоьхуш деанчу цицигана неI йоьллуш хилла иза. Иза хьахош, Дала ма аьлла: «Муьма нахах доглозуш а, къинхетаме а волуш», – аьлла (Къуръан, 9 сурат, 128 аят).

Дала цуьнга шега а ма аьлла: «Оха ца вахийтина хьо (хIай Мухьаммад) дерриге а Iаламах къинхетам беш бен» (Къуръан, 21 сурат, 107 аят).

### МУСТІАФА – КЪИНХЕТАМАН ЛАККХАРА МАСАЛ

МустIафа (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) лаккхара масал дара бусалбанех а, цатешачарах а, доттагIех а, мостагIех а, къахеташ, доглозуш хиларна тIехь. Къечу нахах а, мискачу нахах а гуттар а чIогIа къахеташ, цаьрца нийсо лелош вара иза. Шех долу бакъдерг хьахош Элчано ма аьлла: «Баккъал а, со шуна баийтина къинхетам бу», – аьлла. Веза-сийлахь волчу Дала дерриге а Iаламех къинхетам беш ваийтина бохург ду иза. Цо аьлла: «Къинхетам дIаоьцур бац дакъазаваьллачуьнгара бен» (дакъазаваьлларг къинхетам боцуш хир ву бохург ду иза). Иштта цо аьлла (Делера къинхетам, маршо хуьлда цунна): «Къинхетамах ваькkхинарг (боцуш верг) дерриге а диканах ваькkхина ву». Иза (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) массаьрца а къинхетаме хилла: ялхошца а, лешца а, хьайбанашца а, олхазаршца а. Массо адамах а, массо хьайбанах а къахеташ хилла иза.

Цкъа Делан Элчанца (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) цхьаьна новкъа боьлхуш хилла асхьабаш. Шеца ши кIорни а йолуш хьоза гина царна. ТIебахана, кIорнеш схьаэцна хилла цара, хьоза, тIемаш детташ, гонаха хьийзаш хилла. И сурт шена гича, Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьллера: «Мила ву, кIорнеш схьаэцна, кхунна бала бинарг? ДIало цунна шен кIорнеш».

### ЭСАЛА МУХЬАММАД

***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

АллахIан Элча (АллахIера къинхетам, маршо хуьлда цунна) эсала хилар чIогIа лоруш хилла. Куралла яр чIогIа ца дезаш хилла. Ша ма-варра хила лууш вара, моттаргIанаш йоцуш. Хьал а, ницкъ а, хьаькамалла а ду моттийта гIертар ца дезара цунна. Шен дерриге а дахарехь дикаллин масал хилла иза, ледарло йоцуш, эсала, оьзда, кIоршаме воцуш, кIеда-мерза хиларца. Iаьрбийн а, уьш боцчеран а Эла хилла иза. ХIетте а, паччахьаллин хIуманаш доцуш, атта Iер-дахар долуш хилла. Сирлачу Мединатехь маьждиг деш, ша болх беш, дакъалоцуш хилла иза. Шен гIуллакх цхьанна а тIе ца дуьллуш, дерриге а ша кхочушдеш хилла цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна).

### МОТТАРГІАНАШ ЦА ЕЗАШ ХИЛЛА ЭЛЧА

***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) бакъдерг дезаш, моттаргIанаш ца езаш хилла. ЧIогIа ца дезаш хилла цунна нахана хьалха деса къамелаш деш, маттана говза ву моттийта гIертар а. Цо аьлла: «Нахана ша дагавохийта, къамелийн кийтарло Iамийначун Къематдийнахь АллахIа тоба къобал дийр ма дац, маха а оьцур ма бац».

(Iазапах хьалхавала мел дукха мах баларх, цуьнгара иза дIаоьцур ма бац бохург ду иза).

Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Шух уггаре а суна дукхабезарш а, Къематдийнахь суна уггаре а герга хинберш а шух хаза гIиллакхаш дерш бу. Шух суна уггаре а цабезарш, Къематдийнахь суна уггаре а гена хинберш дукха луьйш берш бу, нахана кIордабойтуш, говза къамелаш деш берш бу, мутафайхIикъунаш бу». Цара элира: «ХIай Делан Элча, дукха луьйш берш а, нахана кIордабойтуш, говза къамелаш деш берш а-м бевзара тхуна, мутафайхIикъунаш муьлш бу?».

Цо аьлла: «Куралла еш берш бу».

АллахIан Элча шен гIуллакх ша деш хилла, олуш а хилла: «Шен гIуллакх дерг массарал а хьакъ ву (декхарийлахь ву) иза дан».

Вай эсала а, оьзда а хила лиъна цунна, цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «СагIа даларх хьал эшна дац. Дала сийлаллехь соввоккхуш бен (Цуьнан) лай (шена зулам динчунна) къинтIера ваьлла а вац. Дала айвеш бен (Цуьнан) дуьхьа цхьа а охьатаьIна а вац».

Вуьшта аьлча, Делан дуьхьа охьатаьIнарг (юхаваьлларг, IадIийнарг) цо айвийр ву, дуьненахь – нехан дегнаш чохь, эхартахь – шен даржехь бохург ду иза.

### НИЙСОНАН ДА

МустIафа (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) вевзаш хилла нийсо чIогIа лелош хиларца. Эфиопин паччахь Наддажаши волчуьра цхьа тоба еана хилла. Элча ша хилла оцу хьешийн гIуллакхе хьожуш. Цуьнан асхьабаша аьлла: «Оьшуш дерг дина ваьлла хьо». Нийса волчу Элчано аьлла: «Баккъал а, вайн асхьабашца лераме ма хилла уьш, суна а ма лаьа церан лерам бан».

Элча кхоччуш нийса ма хилла Хадижатца а, иза дийна йолуш а, еллачул тIаьхьа а. Цуьнан зудчо Iайшата ма аьлла: «Цхьана а зудчуьнца эмгаралла хилла ма дац сан, Хадижатца санна, цо иза хьахош сайна хезча. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), шена совгIат деача, олуш хилла: «Д1ахьо иза хьенех йолчу. Баккъал а, Хадижатан доттагII яра иза. Хадижат дукхаезаш яра иза». Цхьана дийнахь Iайшата аьлла цуьнга (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна): «ХIай, АллахIан Элча, со Хадижатал жима а, хаза а ю, со цул дукхаезий хьуна?» ТIаккха нийсачу Элчано жоп деллера: «ХIан-хIа, валлахIи (ца еза), цхьамма а ийман цадуьллучу хенахь соьца ийман диллина яра иза, сан Пайхамаралла кхочушдеш, суна гIо дина яра иза, массо а халадерг суна дайдина яра иза».

02→

ПАРЗАШ А, СУННАТАШ А

## ЛАМАЗАН КАРАХІАТАШ

*Бисмиллахирроохьманиррохьим*

Хастам бу, Шен лайшна, муъмин нахана, фарз дина ламаз тIедиллинчу АллахIана. Делера салам-маршалла хуьлда и ламаз дар хьоьхуш, марздеш, Дала халкъашлахь вазвина ваийтинчу Мухьаммад–Пайхамарна, цуьнан охIланна, асхьабашна, царна тIаьхьа баьзначарна.

Ламаз уггаре а деза Iибадат ду бусалба динехь. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Массо хIуманан корта Ислам дин ду. Цуьнан бIогIам ламаз ду». (Тирмизис МаIаз ибн Джабалера далийна хьадис). Иштта Муслима далийначу хьадисехь ду: «Ламаз дитинарг куфр динарг ву», – аьлла. Дала уггаре а хьалха тIедиллина Iибадат ду ламаз. Сийлахь-Лекхачу АллахIа Мухьаммад-Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ворхI стигалел лакха ваьккхина, Джабраил маликел Шена герга вигна, омра дина цунна, ламаз де аьлла. Къематдийнахь ламазна тIера долалур ду адаман Iамалийн хьесапдар. Элчано (Делера салам-салават хуьлда цунна) аьлла: «Къематдийнахь адаман Iамалх хьалха хьесап дийр дерг ламаз ду. И нийса хилахь, йисина Iамалш нийса хир ю, гал хилахь, йисина Iамалш гал хир ю» (ТIабранис далийна хьадис).



Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен умматана тIаьхьара дина весет ду ламаз. Абу Давуда Iелера (Дела реза хуьлда цунна) далийначу хьадисехь деана хIара: «Ша дуьненчуьра дIаволуш цо элира: «Ламаз. Ламаз. Шайн куьйга кIелахь болу зударий».

Ламаз – иза Дала вайна делла совгIат ду. Кхоччуш Делах кхерарций, дан ма-дезза нийса вай и дахь, декъалхир ду вай, Дала мукъ лахь.

Халахеташ делахь а, оцу езачу Iамалехь гIалаташ доху цхьаболчара. Ламазехь гIалатваьлларг, шена хуучо нисван веза. Имам Ахьмада аьлла: «Шуна хаалаш, нийса ламаз динчу стага шеца гIалаташца ламаз дойуш, имамал хьалха хьала-охьа теIаш ламаз дина волу стаг оцу гIалатех нис ца вахь, имамал хьалха лелхар ца дехкахь, хьекъалца хьехам ца бахь, ламаз нийса цадаран къа цуьнца доькъур ду цо».

Ламаз эцарехь, дарехь лардала деза коьрта гIалаташ хьахош, Делан дуьхьа долчу нийятца, бусалба нахана пайда хиларе догдохуш кечдина ду хIара жайна.

02→

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ЭПЧАНАН ДАХАР

# СИЙЛАХЬ ЭЛЧА

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

←01 Баккъал а, АллахIан Элча лаккхара масал хилла нийса хиларехь а, дикаллехь а; ша мостагIчунна дина ваIда а (делла дош) кхочушдора цо, доттагIчунна делла дош санна. Цуьнан дерриге а дахарехь хааделла дац, цо ваIда дохийна аьлла я дош кхочуш ца дина, я адам Iехийна аьлла, иза мостагIех хилча а. Цхьана Iаьрбичо аьлла: «Мухьаммадна цхьа хIума йоьхкинера ас. Цунна дош а деллера, иза волчу дIавогIур ву аьлла. Амма, вицвелла, кхо де даьлча дагадеара сайн ваIда. Иза волчу вахча, Мухьаммад шен меттехь карийра суна. Со шена (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) гича: «ХолчахIоттий-кха ахь со, кхузахь хьоьга хьоьжуш волу кхо де ду-кха со», – алар бен, кхин хIумма а ца элира цо. Дала цуьнга Пайхамаралла далале ду иза». Цуьнан нийса хиларна тоьшалла ду, цамгар чIагIъелла, ша валарчу вирзича, минбар тIе хьала а ваьлла, Элчано аьлла дешнаш: «ХIай мухIажирийн тоба, ансаращца дика хилалаш. Адамаш алсамдовлуш ду, ансараш алсамбовлуш бац, баккъал а суна (кхерамах) кIелхьарволийла карийна (долу сан цIа санна) сан къайленна тешаме хилла бу уьш, царах дикачуьнца дика хилалаш, царах вон хIума даьллачунна къинтIера довлалаш» (таIзар ца деш виталаш). Нийса волчу Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), дуьнен чуьра ша дIавалале, ансаращца дика хила аьлла весет дина. Иштта ду-кха цуьнан нийсонан, адамаллин, къинхетаман, накъосталлин, доттагIаллин, тешаме хиларан масал.

**СОБАРЕ ЭЛЧА**

Мухьаммад (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) вевзаш хилла, шена цхьа бохам хилча, вон деача, сатохарца а, собар долуш хиларца а. Лекхаволчу Делан дашо бохург деш: «Хьайга деанчунна (балина) собаре хила, баккъал а, иза (Дала) сацам бинчу гIуллакхех ду» (Къуръан, 31 аят 17).

Вуьшта аьлча, баккъал а иза, собаре хилар, Дала омра диначех ду, Веза-Сийлахь волчу Делан дашо бохург деш а: «ХIай, ийман диллинарш, аш гIо лаха (шайн дуьненан а, эхартан а гIуллакхашкахь) собарца а, (деза-сийлахь долчу) ламазца а. Баккъал а, Дела ма ву собаре болчаьрца цхьаьна» (Къуръан, 2 сурат, 153 аят).

Элча шена тIебеана бала ловш, чIогIа собаре а, сатухуш а хилла, Маккарчу нахах а, уьш боцчарах а, шена вон диначунна гечдар доьхуш, олуш хилла цо: «ХIай АллахI, Ахь гечдехьа сан халкъана, баккъал а, уьш ца хууш (ца кхеташ) бу-кха». Иза (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) Макка чувахана, цо къурайшех болчу цатешачу нахана тIехь толамбаьккхинчу хенахь, уьш кхерабелла хилла, шайгара чIир эцарна. Элчано цаьрга аьлла : «Ас шайна хIун дийр ду аьлла хеташ ду шу?» Цара аьлла: «Диканиг дийр ду, хьо тхан сийдолу ваша ма ву, сийдолчу вешин кIант ма ву». ТIаккха Элчано аьлла: «ДIагIо, маьрша ду шу». Царна къинтIера волуш, цо (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, Юсуф Пайхамара шен вежаршка ма-аллара олу ас шуьга: «ТIехтохам бац шуна тахана. Дала гечдойла шуна. Иза ву уггаре а къинхетаме верг» (Къуръан, 12 сурат, 92 аят).

Цкъа цхьана стага ма аьлла Элчане: «Нийсо е, Делан дуьхьа долу хIума екъар дац хIара?» ТIаккха Элчано цунна ца хууш долчу хIуманех кхетийна иза. Деле цунах къинхетам бар а дехна, аьлла цо: «Нийсо хьан йир ю, ас ца йича? Ас нийсо ца йича (дуьненахь а, эхартахь а) дакъазавер ма ву со, хIаллак хир ма ву».

Асхьабех цхьаъ и стаг вен лууш вара. Элчано ца вейтира иза. ОьгIаз а ца вахара Элча оцу стагана, цуьнгара чIир ца ийцира цо я иза воцчуьнгара а, сатохарна а, собарна а, шена вон диначунна къинтIера валарна а лаккхара масал дара иза (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна).

Цхьа стаг веана хилла Пайхамар волчу (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна). Цо аьлла: «Суна хьехар дехьа». Собаре волчу Элчано аьлла тIаккха: «ОьгIаз ма гIо». ТIаккха оцу стага ша аьлларг Пайхамаре масийттазза юха аьлла. Цо жоп делла: «Хьо оьгIаз ма гIо», – аьлла. Вай лардан дезаш дика весет ду хIара.

**ЭЛЧАНАН ХАЗА ГIИЛЛАКХАШ**
***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Шех тера кхин цхьа а хир воцуш, комаьрша хилла Делан Элча(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) . Шега дехначу хIуманна цкъа а хIан-хIа аьлла дац цо. Берриге а нахал комаьрша хилла иза, къаьсттина чIогIа Рамадан баттахь а волуш.

Цхьана стага шега дехча, шина лома юккъера жа дIаделла цо. ТIаккха оцу стага, шен махка дIа а вахана, аьлла: «ХIай нах, ийман диллийша, баккъал а, Мухьаммад, къоьллех ца кхоьруш, саг1а доккхуш ма ву».

Масийттанна цхьацца бIе эмкал елла хилла цо.

Цхьана дийнахь иза волчу деана дезткъе итт эзар дирхIам (дато ахча). Черта тIе охьадиллина, иза декъа хIоьттина Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), ахча кхачадаллалц дохьуш верг цхьа а юха ца тоьхна цо.

Цхьана дийнахь Бахьрейн махкара ахча деана Элчанна (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна). Цо аьлла: «Охьадилла». Мухьаммад волчу деанчух уггаре а дукха ахча а хилла иза. АллахIан Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна), оцу ахчане дIа а ца хьожуш, маьждиге дIавахана. ТIаккха, ламаз дина ша ваьлча, схьа а веана, улле охьа а хиъна, шена схьа мел гиначунна дIадоькъуш хилла. Хьала а ца гIаьттина (Делера къинхетам а, маршо а хиларг), хьашто йолуш мел волчунна иза дерриге а декъна валлалц.

**ПАЙХАМАРАН ЭХЬ**
***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Делан Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) массарал чIогIа эхь хеташ хилла. Ша эхь хеташ а, догдика а волу дела, цо цхьаьнгга а цунна ца дезаш долу хIума олуш ца хилла.

Цуьнан эхьхетарх дара цо цхьаьннан а юьхьа тIехь бIаьрг сацош цахилар. Шена ца дезаш хIума хилча, эхьах а, гIиллакхах а ца вухуш хьахош хилла цо иза.

**ЭЛЧАНАН СИЙЛАЛЛА**
***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Делера салават а, салам а хиларг берриге а нахал дика нийсо еш хилла, массарал тешаме а, цIена а, бакълуьйш а хилла ша кхоьллинчу дийнахь дуьйна схьа. Оцу хIуманна тIехь къера хилла цуьнан мостагIий а. Иза Пайхамар (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) хилале а, Амин (тешаме верг) аьлла цIе тиллина хилла цунна. Лекхаволчу Дала аьлла: «Хьо харцвеш бац уьш, шаьш зуламхой, Делан аяташ (Къуръан) харцдеш бу» (Къуръан, 6 сурат, 33 аят).

Вуьшта аьлча, шаьш харцахьа хиларна, дегнаш чохь хьо бакъвеш болуш, меттанашца харцвеш бу уьш бохург ду иза.

Хьарисан кIанта Надрас аьлла къурайшийн нахе: «Мухьаммад ша жима волуш дуьйна а шул массарал бакълуьйш вара, шул массарал тешаме вара, цуьнан къоьжа гиччош шуна галлалц. Делан омранца иза Пайхамар хилла веача, аш бозбуанча ву элира цунна. ХIан-хIа, валлахIи, бозбуанча ма вац иза».

Абу-ТIалибан кIанта Турпал-Iелас дийцина иза массарал а бакълуьйш вара бохуш. Цхьаьнггара а цо динчу хIуманна бехкбоккхуш ца хилла Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна). Ша волчу мажлисехь массарал а сийлахь хилла иза. Вист ца хуьлуш Iер дукха хилла цуьнан, гIуллакх доцуш къамел деш ца хилла цо. Цуьнан велавалар – къажар хилла, цуьнан къамел – хьукма (сацам) хилла, иза волу мажлис (кхеташо) эхь-бехк долуш, тешам болуш, беркат долуш, кIеда-мерза мажлис хилла. Лекхаволчу Дала кхиийна иза, Цо дика а кхиийна иза. Шен дашехь хаста а вина цо Мухьаммад (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) : «Баккъал а, Хьо ма ву сийлахь доккхачу гIиллакххехь» – аьлла (Къуръан, 68 сурат, 4 аят).

ЭЛЧАНАН IАМАЛ
***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) лаккхара масал хилла шен вахарехь, шен дахаран хьаштана даггара Iамалъеш хилла цо. Шен дегIаца а, дагца а, сица а Далла тIе воьрзуш хилла иза, Цунна Iибадат дан ша дIахIоьттича, Лекхаволчу Делан дашо бохург деш: «Ахь лаха Дала хьайна деллачуьнца (хьолаца) эхартан цIа (Дела реза волчу хIуманаш тIехь харжъеш), дуьненан хьайн дакъа а диц ма де (шена чохь эхартан Iамал ян). Нахаца дика а хила (сагIа даларца), Дела хьайна дика ма-хиллара» (Къуръан, 28 сурат, 77 аят).

Шен бусалба умматана дика хьехар дина цо шен дашехь: «Хьайн дуьненна Iамал е, хьуо даим вехар волуш санна, хьайн эхартана Iамал е, хьуо кхана лийр волуш санна», – аьлла.

Исламо кхайкхам бо, дуьненна а Iамал е, эхартана а Iамал е бохуш. ХIокху буха тIехь толам баьккхина бусалбанаша, Исламан юьхь йолалуш, Iаламан баьччанаш хилира уьш ойланашкахь а, Iамалшкахь а.

ЭЛЧАНО ШЕН УММАТЕ ДИНА ВЕСЕТ
***(Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна)***

Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) бусалбанашка дина Лекхаволчу АллахIа шега дина исс хIуманца долу весет: «Къайлах а, гучохь а догцIена хила, резаволуш а, оьгIазвахча а нийсо еш хила, хьалдолуш велахь а, къен-миска велахь а хIуманан сий-пусар деш хила, хьайна зулам динчунна къинтIера волуш хила, схьалуш воцчунна а дIалуш хила, хьайца гергарло хадош волчух дIа ма хада, гергарло леладе, хьо вист ца хуьлучу хенахь Iалам кхоьллина волчу Делан ойла еш хила, хьайн вистхилар – Дела хьехорца хилийта, хьайн лелар – нахана эца масал долуш хилийта», – аьлла. ХIара дика весет Дала шен Элчане (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) кхочушде аьлла. Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) вайга кхочушде а аьлла.

***Муртазаев Сайдмохьмад***

ПАРЗАШ А, СУННАТАШ А

# ЛАМАЗАН КАРАХIАТАШ

←01

**ЛАМАЗ КАРАРА ДОЛУ БАХЬАНАШ**

Ламаз карахь хилча бен дина ламаз къобал хир дац. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Шун ламаз къобал хир дац, ламаз карара даьлча, аш ламаз юха эццалц» (Малика далийна хьадис).

Ламаз карара долу бахьанаш хIорш ду.

1. Шина меттехула хьатI, боьхалла, цIий, мох арабалар.

2. АгIорваьлча, наб кхетар.

Амма, хиъна волуш набкхетарх, ламаз духуш дац.

Анасера (Дела реза хуьлда цунна) деанчу хьадисехь ду: «Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабашна маьждигехь наб кхетара, цул тIаьхьа самабовлий, ламаз ца оьцуш ламазаш дора».

3. Хьекъалх валаро (тентаквалар, вахар, хьеравалар…).

4. Юкъахь пардо а доцуш, шариIатехь шена яло магийначу зудчун (йоьIан) дегIан меженах хьакхавалар.

5. Бехке меттигех куьйг я пIелгаш хьакхадалар.

**ЛАМАЗ ЭЦАРЕХЬ КАРАХIАТАШ**

КарахIат олу, ца деш дитича мел (ял) хир болуш, кхочушдича къа хир доцчу массо хIуманах.

I. Ламаз оьцуш тIех хи дайар я сов чIогIа кхоадар.

2. Бакъахьара меже аьрру агIорчул тIаьхьа йилар.

3. Бехказло йоцуш (шело я кхин бахьана) гата а хьаькхна, меженаш якъор.

Бухарис, Муслима далийна хьадис, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена деана гата схьа ца ийцира аьлла.

4. Юьхьах хи тохар. Юьхьах хIумма а тоха мегаш дац, хи делахь а.

Юьхьах хIума тохар бахьанехь юьхьан сий дайар хуьлу.

5. Меже кхуззачул сов я кIезиг йилар.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), кхузза меженаш юьлуш ламаз эцна, элира: «Ламаз иштта оьцу, хIокхул соввааьлларг я эшийнарг бехке ву, зулам динарг ву».

6. Ша ламаз эцалуш воллушехь, ламаз оьцуш шена гIо дайтар.

ГIо дайтаро куралла дагчу йоссайо, ткъа Iибадатехь куралла мегаш яц.

7. Марха кхобуш верг делкъал тIаьхьа бага, мерчу хи кхарзарехь соввийлар.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Марха доцчо леррина мерчу хи кхарзийла» (Абу Давудан хьадис).

**ЛАМАЗ ДОХАРАН БАХЬАНАШ**

1. Ламазехь къамел дар.

Ши элп алар (шайн маьIна дацахь а) къамел ларалуш ду. Шеца маьIна делахь, цхьа элп а ларало къамел. Амма, вицвелла, 6 дашал сов ца волуш къамел дахь, ламаз ца духу.

2. Ламазан низам талхош, меженаш тIех дукха меттахъхьеяр.

Масала, цхьана ракаIатехь кхузза я цул сов меже меттахъхьаяр.

3. ДегIана я бедарна тIе нажжаз кхетар.

Ламазна тIехь волуш, сихха и боьхалла дIаяккхалахь, ламаз ца духу.

4. Iоврат гучудалар.

Нагахь санна, ца хууш гучудаьлла Iоврат сихха дIакъовлахь, ламаз духур дац.

5. Яар, малар.

Цергашна юкъара цуьрг лаамза кийра дахарх, ламаз ца духу. ХIума кхаллар лараран лахара доза – иза багахь башийначу шекаран бIелиган (кампетан) марзо кийра яхийтар.

6. Дуьххьара салам далале ламаз карара далар.

Амма шолгIа салам далале ламаз карара далахь, ламаз ца духу.

7. Йовхарш еттаро, веларо, велхаро, тийжаро дохадо ламаз, нагахь санна царна юкъахь ши элп алар хилахь. Амма шен лаамза йовхарш тохахь, велар иккхинехь, ламаз ца духу. Велакъажаро ламаз ца дохадо. Хьоршам тоьхначуьнга, Дала къинхетам бойла хьох аьлча, ламаз духу.

8. Нийят хийцар.

Нийят хийцар хуьлу, ламаз дихкинчул тIаьхьа ламаз хадо нийят дар. Ламаз хадор ду ша хьенех схьакхачахь аьлла, цунна дагадарца, ламаз духуш ду.

9. Къилба хийцар.

Шен лаамехь волуш, къибла хийцахь, дIа ма-вирззи, ламаз духу цуьнан. Цхьамма лаамза дIаверзийнехь, хье ца луш, сихха юхаверзахь, ламаз ца духу.

10.Ламазехь, корта берзош, дIасахьежар.

Абу Давуда далийна хIара хьадис. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Ламазехь волчун юьхье хьаьжна хир ву Сийлахь АллахI, иза дIасахьажжалц. Иза ламазна тIехь дIасахьажахь, АллахI дIавоьрзур ву цунна тIера». Ламаз деш верг ша суждане воьдуш корта тухучу метте хьоьжуш хила веза.

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина:

– Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «ХIай сан кIант, ламазна тIехь дIасахьежарх ларлолахь, баккъал а, ламазна тIехь дIасахьежар – хIаллакьхилар ду хьуна» (Тирмизис дийцина хьадис).

Кхоччуш пайда хилийтархьама, даладо вай тIаьхьадогIу хьадис а.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина:

-Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Баккъал а, Делан лай ламаз дан дIахIоьттича, Лекхачу, Беркатечу АллахIана дуьхьал хIоьттина хуьлу, ткъа иза дIасахьаьжча, Лекхачу, Беркатечу АллахIа цуьнга олу: «ХIай Адаман воI, хьаьнга хьоьжу хьо? Сол дикачуьнга хьоьжу хьо? ХIай Адаман воI, хьо хьайн ламазна тIехь волуш, хьо шега хьоьжучул а, Со дика ма ву хьуна» (Баззара дийцина хьадис). Билгалдаккха деза, ламазехь верг, мостагIчух ларлуш, дIаверза мегар ду. Иштта мегаш ду бIаьргашца дIахьажа.

11. Стигала хьалахьажар.

Бухарис Анасера ду аьлла далийначу (Дела реза хуьлда цунна) хьадисехь ду хIара. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьаьттира: «Ламазехь стигала хьалахьоьжучех лаьцна хIун эр дара аш?» ТIаккха ша тIетуьйхира цо: «Дуьтийла цара и, шайн бIаьрса дан ца лаахь».

12.Бедаран пхьуьйшаш хьалакерчор, месаш дIахьерчор.

Бухарис, Муслима далийна хIара хьадис. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Суна омра дина сужданехь 7 меженна тIевазваларца. Бедар хьалакарчаяр, месаш хьарчаяр дихкина суна».

13. ЯахIума кийча йолуш, ламаз дехкар, кечдинчу шуьно ламазна йолу ойла херийир ю аьлла хетахь.

Бухарис, Муслима далийна хIара хьадис. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Суьйренан кхача охьабиллина болуш, ламазан икъомат динехь, сих ца луш хIума яий, делаш ламаз».

14. ХьаштагIан гIуллакхна гатвеллачохь ламаз дар.

Муслима далийначу хьадисехь ду, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ламаз ма де, кийча охьайиллина яахIума елахь, я хьаштагIан гIуллакхна гатвеллехь».

15. Наб тIегIоьртича ламаз дар.

Муслима далийна хIара хьадис. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Ламазехь шаьш набаро хьовзадахь, наб дIаяллалц дIатовжа».

16.Цхьайолчу меттигашкахь (луьйчучохь, некъаш, базарш, кешнаш, килсаш, нехаш дIакхуьйсу меттигаш йолчохь, эмкалш хи мала гуллучохь) ламаз дар.

Тирмизис далийна хIара хьадис. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дихкира нехаш дIакхуьйсучу меттигашкахь, хаспаш дойучохь, кешнашкахь, некъа тIехь, луьйчучу меттигашкахь, эмкалш хи мала гуллучохь ламаз дар».

ШафиIис аьлла: «Кешнашкахь ламаз дар карахIат хиларан бахьана, дIавоьллинарг тIех вазвина, цуьнан кошах маьждиг цадайтар, тIаьхьабогIучу нахана юкъа питана цадожийтар ду».

17.Готта, дегIана тIелетта бедар юьйхина, ламаз дар.

Лоьраша а ца магадо иштта бедар тIеюхар.

18. Дуткъачу кIадех тегна бедар юьйхина, ламаз дар.

И чIагIдо, «МугIни», «МаджмуI» цIерш йолчу, ШафиIин мазхIабан жайнаша.

Къаьсттина, зударшна ламазехь магош яц дегIан меженаш къастош долчу дуткъачу кIадех тегна бедарш (найлон, шифон…).

19.Божарий болчу цIа чохь, масала, царна хьалха а хIоьттина, зудчо ламаз дар. Цуьнан бахьана ду, маьждигехь жамIатан ламазехь зударий божаршца цхьаьна могIаре ца хIуьттуьйтуш, тIехьарчу могIаре хIуьттуьйтуш хилар. Оцу тIе а доьгIна, гIолехь ду зудчо ша цIахь деш долу ламаз божаршна ша ца гучохь дар.

20. ДIавуьжуш юхучу бедаршца ламаз дар.

IабдуллахI ибн Iумарна гина хиллера цхьалхачу бедарахь стага ламаз деш. Цо хаьттина оцу стаге: «Шалха бедар яц хьан тIеюха?». «Ю», — аьлла, жоп деллера стага. «Цхьалха бедар юьйхина базара гIур варий хьо?» — хаьттина IабдуллахIа. Стага, ша гIур вацара, аьллера. «Далла хьалха, нахана хьалха хIуттучул а сов хазчу, тамехьчу суьртахь хIитта декхарийлахь ду вай», — элира IабдуллахIа.

21.Iеламнаха магош дац, чекхсагуш, дегIан бос къаьсташ долчу духарца ламаз дар. (Хьовса «МаджмуI», «МугIни» жайнаш тIе). Iоврат хьулдеш, стоммачу кIаден бедар хила еза ламаз дечу стагана, зудчунна тIехь. Башхалла яц, Iаьржачохь, ша цхьаъ волуш, иза ламаз деш велахь, я сирлачохь, жамIатехь ламаз деш велахь. Далла гуш ву иза, муьлххачу меттехь велахь.

22.Стага, йоца коч юьйхина, ламаз дар.

Тахана маьждигехь, йоца (модехь) коч юьйхина, жима стаг ламазехь хьала- охьа таьIачу хенахь, цуьнан гIодаюкъ гуш хуьлу. Гена дац, Iоврат гучудаьлла, ламаз доха а.

23. Еха, лаьттах текхаш бедар юхар.

Iабдулла ибн Iамрера деанчу хьадисехь далийна, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «АллахI хьожур вац, кураллица лаьттах текхаш бедар юьйхинчу стага динчу ламазе».

ШафиIис аьлла, кураллина лаьттах текхаш бедар юхар хьарам ду, кураллина дацахь, карахIат ду.

24.Ламазехь юьхь дIакъовлар, бедар тIекхоьллина ламаз дар.

Абу Давуда, Тирмизис далийна и чIагIдеш хьадисаш.

25.Хечин когаш я кучан пхьуьйшаш хьалакарчор.

Ибн Хузаймата далийна хIара хьадис. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Дала омра дина суна, сужданехь волуш ворхI меженна тIетовжар, месаш цахьерчор, бедарш хьалацакерчор».

26.Ши белш иэхьар.

Бухарис далийна Абу ХIурайратан хьадис, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Цхьана бедарца ламаз ма дойла аш, оцу бедаро цхьа белш хьулйина яцахь».

27.Сурт гуш долчу цIа чохь я шена тIехь сурт долчу бедарца ламаз дар.

Муслима далийна хIара хьадис. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Гучохь суьрташ долчу цIа чу малик догIур дац».

Бухарин «Сахьихь» жайнахь ду Анаса дийцина хьадис. Iайшатан цIа чохь суьрташ долу шаршу яра оьллина. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира цуьнга: «И шена хьалхара дIаяккха, оцу тIерачу суьрташа ламазехь новкъарло йо суна».

28.Можа басарйинчу бедарца ламаз дар.

29.Стага, шен коьртахь хIума йоцуш, ламаз дар.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), шен коьртахь хIума йоцуш, ламаз дина меттиг хааелла яц.

30.Сов тIех кечбина, къагийна, я лекхачу метте охьатесначу куза тIехь ламаз дар.

31.Маьждиган цхьана меттехь даима ламазаш дар.

Iабдуррахьман ибн Шаблера деана хIара хьадис: «Элчано дихкира стага ламазна, эмкало меттиг харжар санна, даима цхьа меттиг харжар».

Имамана мегаш ду, фарз ламазаш даима маьждиган цхьана меттехь дан.

32.Нахана новкъарло еш, ламазан нийят чIогIа дар.

33.Ламазан бисмилла, этхьиг, кхидолу азкараш (хьехораш), мотт ца хьебеш, дагахь дешар.

34.РукуIе воьдуш, хьаланислуш, ши куьг хьала ца айбар карахIат лерина ШафиIис.

35.Цхьана ракаIатехь «бисмилла» шозза я сов дешар.

Вицвелла, сов дешахь, ламазан чеккхенехь вицваларан сужуд дийр ду.

36.БIаьргаш хьаббина ламаз дар.

БIаьргаш биллича новкъарло хир елахь, бIаьргаш хьаббина дан мегар ду ламаз.

37.Бахьана доцуш, меженаш меттахъхьеяр.

Меженаш меттахъхьеяро Далла тIе ойла ца йохуьйту. Зубайрин кIантана IабдуллахIан (Дела реза хуьлда цаьршинна) белша тIе кхокха хиъна хиллера иза ламазехь волуш. Иштта, Далла тIе ойла яхийтина, меттах ца хьуьйш, ламаз лерина дан деза хIорамма а.

Ламазан низам дохош, тIаьхье-хьалхе меженаш меттахъхьеяро ламаз дохадо.

38.РукуIе (суждане) охьа а таьIна, АллахIу Акбар алар, рукуIера (сужданера) хьала а нисвелла, АллахIу Акбар алар.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), ша рукуIе (суждане) воьдуш волуш, АллахIу Акбар олуш хилла, сужданера корта хьалаойбуш волуш, АллахIу Акбар олуш хилла. (Бухари).

39. МахIдин дешначул тIаьхьа юьхьах куьйгаш хьакхар.

***Илесов Iаьрби***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

# ПАЙХАМАРА БЕРАШ КХЕТОШ-КХИОРЕХЬ ХІОТТИЙНА НИЗАМ

*(Делера салам-маршалла хуьлда цунна)*

*(ТІаьхье. Юьхь еша № 13.2020 ш.)*

### ДОЬЗАЛШ ІАМОРЕХЬ ІЕЛАМНАХАНА ХЕТАРГ

Ибн Іумара (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: **«Дала церан дика нах бу аьлла цІе яьккхина, уьш шайн дайшца а, доьзалшца а дика хиларна. Хьуна хуийла, хьан доьзалхо хьуна хьалха декхарийлахь хиларе терра, хьо а вуй хьайн доьзалхочунна хьалха декхар».**

Имам ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Баккъал а, бер дас-нанас лардан дезаш аманат ду. Баккъал а, беран дог ду дезачу, цІеначу (массо хІуманах цІена долчу) жовхІарех терра. Оцу даго тІелоцу шена хьехнарг, и дог тевжа ша товжийначу агІор. Нагахь иза диканна марздахь, дикане марзло иза, тІаккха дуьне а, эхарт а ирсе хуьлу цуьнан, ял хиларехь хьехнарг декъахо хуьлу цуьнан. Нагахь вуочуьнга и марздахь а, хьайбанаш санна, хьехар ца деш, тесна дитахь а, дакъаза долу иза дуьненахь а, эхартахь а, цуьнан къинойн мохь бахьарехь декъахо хуьлу цуьнан верас. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «ХІай ийман диллина нах, аш ларде шайн догІмаш а, доьзалш а керста нахах а, тІулгех а Ас латор йолчу цІарах»** («Ат-Тахьрим», 6). **Ткъа дас-нанас шаьшшиннан доьзалхо дуьненан балех ларварх пайда ца хуьлу,нагахь санна цул чІогІа цаьршимма иза жоьжахатин цІарах ларвеш вацахь. Иза ларвар хила деза цунна гІиллакх а, оьздангалла а Іаморца, вуочу накъостех иза ларварца. Цунна барамал тІех дуьненан белхаш хазбан ца беза, уьш хазбелча цунна эхарт а дицлуш».**

Іабдуррохьман Ан-Нахьлавий бохучу Іеламстага (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Делан шарІ дІахІуттур дац, хІора стага шен дегІ а, доьзалш а, кхиболу нах а Делах кІоргге тешарна тІехь кхиабаллалц, Дала тоьхна доза цара лардаллалц. ХІоккхера схьа ду дайшна тІехь долу декхар – шайн доьзалш Исламан низамехь кхиор. Иза АллахІа бусалба нахе делла аманат ду, хьалхарчара тІаьхьабогІучаьрга дІакхачо дезаш, ма йоккха дакъазалла ю-кх и дІакхачорехь ледарло йинчунна».**

Іеламнаха иштта билгалдоккху доьзал Іаморан дозалла, и хІора ден-ненан ледарло ян йиш йоцуш декхар хилар а гойтуш. Амма цу тІехь кхиам хиларан коьрта бехкам – иза Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хІоттийначу низамехь дІадахьар ду. Ткъа беран масал – шена тІе йоза язданза долчу цІеначу кехатан масалх терра ду. Оцу цІеначу кехата тІе йоза яздича, цкъа а дІадовр доцуш, тІехь дуьсу иза. Иштта ду дена-нанна шаьшшиннан бер, ша дуьненчу долуш, цІена кехат санна, хІумма а ца хууш, амма дас-нанас хьехнарг шен дагчу а дуьжуш.

### БЕРАШ КХЕТОШ-КХИОЧУ УРХАЛЛАШКАХЬ КЪАХЬОЬГУЧУ ХЬЕХАРХОШКАХЬ ХИЛА ДЕЗА СИБАТАШ

Баккъал а, хьехархочуьнгахь ца хилча йиш йоцуш хІуманаш ду, уьш ду цуьнан дегІаца а, хьекъалца а, гІиллакхца а доьзна:

**1) ДегІаца доьзнарг**

Иза ду, хьехархо могашалла дика йолуш хилар, шен дегІ цамгарех а, сакхтех а цІена долуш. Баккъал а, цомгаш волчу хьехархочун ницкъ ца кхочу шен декхарш кхочушдан, могаш волчу хьехархочо кхочушдаре терра. Цхьа а шеко яц, цуьнан дегІехь йолчу цамгаро хьехарехь цунна новкъарло еш хилар, и бахьанехь Іилма Іаморан муьрехь бехаш болчу кегийрхошна дуккха хаа дезарг диса а дуьсуш. Иштта и хила веза къора а, бІаьрса вуон доцуш а, маттана тасалуш воцуш а, и хила ца веза шен декхарш кхочушдарехь мало йолуш а, хІунда аьлча, мало ечу хьехархочо кхочушдийр дац шена тІедехкина декхарш.

**2) Хьекъалца доьзнарг**

Уггар коьрта дерг ду – хьехархочунна шен болх дика хаар;Іилманехь ледара волчу хьехархочо дуккха а эшам бо берашна Іилма Іаморехь, оцу берийн хийла тилла ойла кхоллало. Ткъа иштта, хьехархо Іилманехь ледар вуй хиъча, бераша цо дуьйцург схьацалоцу, уьш дІабоьрзу цунах, шайна гергахь и ларар а доцуш.

**3) ГІиллакхца доьзнарг**

Хьехархо хила веза берашца кІеда-мерза, хІунда аьлча, и цаьрца шога хилча дешархой къаьхка цунах. Амма ша кІеда хиларца цо гайта ца деза ша гІорасиз хилар, хІунда аьлча, и гІорасиз вуй хааро дешархойн лерам дІабоккху цунах. Цо уьш марзбан беза собарца а, вовшашца кІеда-мерза хиларца а, хало ларца а бен кхиам ца хуьлий хаарца доьзначу низамехь. Хьехархо хила веза шеца кхочуш гІиллакх долуш, комаьрша а, оьгІазвахарх ларлуш а, ша лелориг даггара долуш а, хІунда аьлча, и белхаш тергал ца баро дешархойн хьехархочуьга болу ларам а, цуьнан сий а дІадоккху.

### БУСАЛБА БЕР ХЬАЛАКХИОРАН БАХХАШ

Бералла – уггаре дика хан ю адам кхетош-кхиорехь кхиам хиларна. Оцу хенахь кегийчеран хьекъал, ойланаш цІена хуьлу, дуьненан кхачамбацаршца ийна йоцуш. Бераш кхетошкхиорхочун аьтто хуьлу оцу еххачу заманахь берийн амал шена нийса хетачу кепара кхолла, и бер нийсачу новкъа даккха. Цундела дас шен бер Іамо оцу хенахь дІадоладо, цунна дахаран нийсачу низаман масалш далош, хаза гІиллакх гойтуш, сийсазчу гІиллакхех и лар а деш. ХІинца вай билгалбийр бу бер кхиорехь бовза беза коьрта белхаш:

### ДОГТЕШНА ХИЛАР

Бусалба динехь догтешна хилар бохург – иза Делах а, Цуьнан маликех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан Элчанех а, къематдийнах а, Делан кхиэлах а тешар ду, дика а, вуон а Веза-Сийлахьчу Делера ду, аьлла. Уьш дерриге а къайлах долчарах хиларо стаг хьере во, берана цунах нийса кхетам муха бала беза ца хууш. Бакъду, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бераш кхиорехь бинчу балхе хьаьжча, вайна го коьрта пхи беххам, оцу къайлаха долчарах тешар берийн дагчу дилларехь. ХІорш бу уьш:

**1) Дела цхьаъваран дешнаш берана хьехар**

ИбрахІим бохучу Іеламстага (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Хьалха дІабаханчу нахана деза хетара берана уггаре хьалха Ла́ ила́хІа иллалло́хІу боху дош ворхІазза ала Іамадо. ТІаккха и дош хуьлура уггар хьалха беран багара долуш дерг».

Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Бер дистхуьлучу хьоле даьлча, Ла́ ила́хІа иллалло́хІу Мухьаммадур-росу́лулло́хІи боху дош Іамаде цунна, уггар



хьалха цунна Дела цхьаъваран дешнаш хазийтархьама».

Цундела дина хилла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) МуІазе весет. Джабалан кІанта МуІаза (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Делан Элчано весет дира соьга итт хІуманца. Цо элира: «Делаца накъост ма ве цхьана а хІуманца, хьуо вуьйш велахь а, вагош велахь а. Хьайн дена-нанна Іеса ма хила хьо, цаьршимма хьоьга хьайн доьзал а, даьхни а дитий аравала аьлла омра деш делахь а. Ахь лаамана фарз ламаз ма дуьтийла; баккъал а, лаамана фарз ламаз дитинарг Дала Шен Іуналлина кІелара дІаваккху. Ахь къаьркъа ма мала, баккъал а, иза массо боьхачу хІуманан корта бу. Іеса хІума дарх ларлолахь, баккъал а, Іеса леларца Делан оьгІазло юссу хьуна. Хьайн доьзална напха лолахь, хьайн хьоле хьаьжжина; гІиллакх Іаморан Іаса царна тІера хьала ма айалахь, Делан хьокъехь кхерам лолахь царна» (Ахьмад).

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), шега пайхамаралла доьссинчу хенахь, бераш иймане кхайкхар дІа ца теттира, бакъду, оцу халчу муьрехь и волавелира массо хенарчу нахе кхайкхамаш бан. Итт шаре ваьлла волчу Абу ТІалибан кІант Іела волчу вахара иза. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Іела кхайкхира ийман дилларе, тІаккха цо ийман а диллира. Иштта волавелира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) керла бусалба юкъаралла кхолларе нах кхойкхуш.

**2) Веза-Сийлахь Волу Дела везар а, Цуьнгара гІо лахар а, Дала тоьхна дозанаш лардар а, Дала хила яздинчух а, Цуьнан кхиэлах тешар а берана Іамадар**

ХІора берана, жималлехь къаьсттина, халонаш тІехІуьтту. Башха дац, и халонаш цуьнан дегІаца я юкъараллица я аьтто цахиларца, я дешарца йоьзна хилар. Бакъду, цхьаберш оцу халонех атта хьалхабовлу, амма цхьаболчарна тІехь оцу халонаша лар юьту. Муьлха некъ я хІун дарба хир дара-те оцу берашна цу халонех хьалхадовла? Цунна дарба вайна хьоьхуш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) некъ бу, иза – Веза-Сийлахь Волу Дела везар а, Цуьнгара гІо лахар а, Дала тоьхна дозанаш лардар а, Дала хила яздинчух а, Цуьнан кхиэлах тешар а беран дагчу диллар ду. И тешар беран дагчохь чІагІ мел ло, цунна атта хуьлу дахаран новкъа дІадаха а, шен жималла йитина воккхачун дукъ тІелаца а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Дала гаттонех, балех хьалхавоккхур ву кхоччуш Делах кхоьруш верг, ца моьттучу агІор рицкъа а лур ду Цо цунна» («Ат-ТІолакъ», 2-3).

**3) Пайхамар а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан доьзал а, цуьнан сийдолу асхьабаш а безар беран дагчу диллар**

Беранна иза дагчу дилларца кхочуш хуьлу шахІадат далоран шолгІа бехкам, иза бу – АллахІ воцург, кхин Дела вац аларх хоьттина долу, Мухьаммад – Цуьнан Элча ву аьлла тоьшалла дар. Хьалха дІабаханчу бусалба наха тидам тІебохуьйтура, и берана хьехар коьртачех ларарна, хІунда аьлча, Делан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан доьзал а, цуьнан асхьабаш а безарца кхочуш хуьлу беран ийман, и кхочуш хиларо бер дуьгу массо а диканна тІе, шена тІеІитталучу халонех хьалхадала цунна собар а луш. Тидам тІебахийта дезачех ду, адамо ша кхуьучу хенахь цІеначу нахах масал эца дезаш хилар. Иштта хьал хилча, цо цаьргара нийса некъ, хаза гІиллакхаш, дика амалш схьаоьцу. Бусалба дино вай сутара до, жима бер делахь а я, кхиъна ваьлла стаг велахь а, Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) масал эцарна тІехь, Дала кхоьллинчу дерриге а халкъашлахь дика верг а, масарел хаза гІиллакх дерг а, Дала бахкийтинчу Элчанех уггар веза верг а иза волу дела. Баккъал а, цхьадолчу хьолехь адамо Іовшуш долу Іазап а, ловш йолу цамгарш а, цуьнга кхочуш болу баланаш а Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) масал эцарна и (адам) генадалар бахьанехь бен дац.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Делан Элчанехь дика масал дара шуна – Делах а, къематдийнах а кхоьручарна, Дела дукха хьехочарна» («Аль-Ахьзаб», 21).

Абу ТІалибан кІанта Іелас (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Аш Іамаде шайн бераш кхаа хІуманна тІехь: шайн Пайхамар везарна тІехь; цуьнан доьзал безарна тІехь; Къуръан дешарна тІехь…»

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) къематдийнах лаьцна хаьттира, аьлла. Цо элира: «Къематде маца хир ду?» Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Ахь хІун кечдина цунна?» Оцу стага элира: «ХІумма ца кечдина, Дела а, Цуьнан Элча а везар бен». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Хьо хьайна везначуьнца хир ма ву» (Бухари).

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Шух цхьа а кхоччуш ийман диллина ма вац, шен берел а, дел-ненал а, берриге а нахал а цунна со дукхавеззалц» (Бухари,Муслим).

**4) Берана Сийдолу Къуръан Іамо**

Дена-нанна там болуш ду шайн берашна кегий долуш Къуръан Іамо. Оцу балхо церан дегнаш цІандийр ду, ойланаш серлайохур ю, АллахІ церан Дела хилар, Къуръан Делан къамел хилар хоуьйтур ду.

Имам СуютІис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Берашна Къуръан Іамо бусалба динан баххех цхьа бух бу. Цо бераш динехь кхиадо, церан дегнаш хьикматан серлонца дузу, тиларо а, синлаамаша а уьш дІалацале».

Іаффанан кІанта Іусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шух уггаре гІоле верг – Къуръан Іамийна, тІаккха иза дІахьехнарг ву» (Бухари).

МасІудан кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Делан жайни чуьра цхьа элп ша дешнарг милла велахь а, Дала дика яздо цунна, и дика итт декъехь совдоккху. Ас ца олу Алиф, Лам, Мим – элп ду, делахь Алиф – элп ду, Лам – элп ду, Мим – элп ду» (Тирмизи).

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Цхьа а халкъ гулделла ма дац АллахІан цІа чохь, АллахІан жайна (Къуръан) доьшуш, и Іама а деш шайна юккъехь, тІаккха царна синтем боьссина бен, къинхетамо уьш дІахьулбина бен, маликаша царна гуо биллина бен, АллахІа Шена гергахь долчаьрца (маликашца) уьш хьахийна бен» (Муслим).

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Къуръанан аяте ладоьгІнарг милла велахь а, цунна дика яздийр ду, совдоккхуш; и Къуръанан аят дешнарг милла велахь а, къематдийнахь нур хир ду цунна» (Ахьмад).

### БЕРАШКА КЪУРЪАН ІАМАДАЙТАРНА ДЕНА-НАННА ХИР ЙОЛУ ЯЛ

МуІазан кІанта СахІла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Къуръан дешнарг милла велахь а, цуьнца Іамал а еш, – цуьнан дена-нанна таж (корона) туьллур ду къематдийнахь, цуьнан серло хир ю дуьненан хІусамашкахь хиллачу маьлхан серлонал хаза. ТІаккха и Къуръан Іама а дина, цуьнца Іамал йинарг муха хир ву аьлла хета шуна?!» (Ахьмад).

### БЕРАШНА КЪУРЪАН ХЬЕХАРАН НИЗАМ

Имам ШафиІис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Сайн ворхІ шо долуш Къуръан дагахь Іамийра ас, сайн итт шо кхаьчча «МуваттІаъ» олу жайна Іамийра ас».

ІабдуллахІан кІанта СахІла (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Къуръан Іамо вуьйлира со сайн ялх шо долуш, ас иза Іама а дира».

Шайх Ясина имам Нававийх (Дала къинхетам бойла цаьршиннах) лаьцна аьлла: «Суна имам Нававий гира Нава олучу меттехь, цуьнан итт шо долуш. Ловзуш долу бераш а дуьтий, Къуръан деша воьдура иза. Дала и везар дагчу тесира суна».

### БЕРАНА ХЬАНАЛ А, ХЬАРАМ А КЪАСТО ІАМОР

Бераш Іамош волчо цунна хьарам дерг билгалдан деза, и цунах лардалийта, иштта хьанал дерг а билгалдан деза, цуьнга и леладайта, бусалба динан хаза гІиллакхаш а хьеха деза, цаьрца иза нисдалийтархьама. ХІокху кепара бер кхетош-кхиийна дацахь, цунна девзар дац Далла хьалха долу шен жоьпалла, тешаме а, сийдолуш а, адамалла йолуш а хир вац иза. Шен дахаран коьрта Іалашо ца евзаш, бежанаша санна, мацвелча яахІума а юуш, кІадвелча дІа а вуьжуш, шен дегІан лаамаш кхочушбар бен кхин ойла йоцуш, веха иза, дакъазабевллачех а, Іесачу нахах а шена накъостий лоцуш. Цундела ден-ненан декхар ду берана хьанал а, хьарам а довзийтар, Дала хьанал динарг цунна беркате дуй а, амма Цо хьарам динарг зуламе дуй а хаийтар.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Шу дара нахана юккъе даьккхина дика уммат – диканиг де олуш, вуониг ма де олуш, АллахІах тешаш долуш» («Алу Іимран», 110).

### АЛЛАХІАНА ІИБАДАТ ДАРЦА ДОЬЗНА ДЕРГ БЕРАНА ХЬЕХАР

Баккъал а, бералла яц динан белхаш тІебохку хан, амма доьзалхочунна шен бераллехь дуьйна марздан деза Далла Іибадат дар. Иза до, и доьзалхо воккха а хилла, Іибадат дар тІедужучу хене ша ваьлча, массо хІума девзаш и кийча хилийтархьама, тІаккха цунна атта а хуьлуш шена тІедехкина фарзаш а, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннаташ а кхочушдан. Бакъду, бер жима долуш дуьйна ламаз деш а, маьждиге доьдуш а, Къуръан доьшуш а хилча, цуьнан дог дузу Делах кІорггера тешаро. ТІаккха оцу балхо иза кхиадо шегахь дешарна мало йоцуш а, дена-нанна муьтІахь долуш а, нехан хІуманна тІе куьйгаш ца кхийдош а, шена Дала деллачух тоам беш а. Цундела Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) низам, кхечу муьлххачу низамал гІоле а, шен тІаьхье беркате йолуш а ду.

ХІинца вай билгалбийр бу, бер Далла Іибадат дарна тІехь кхиорехь бовза беза коьрта белхаш, уьш бу:

**1) Ламаз де аьлла, омра дар**

Уггаре хьалха, дас-нанас бере Іибадат де аьлла хьеха дезарг – ламаз дар ду. Цаьршимма бере, ламаз де аьлла, омра дан деза, цунна шен аьтту куьг а, аьрру куьг къасто хиъча я ворхІ шаре даьлча. ІабдуллахІан кІанта



МуІаза (Дела реза хуьлда цунна) дийцина шен дегара, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Берана шен аьтту агІо аьрру агІонах къастор девзича, аш омра де цуьнга, ламаз де алий» (Абу Давуд).

ШуІайбан кІанта Іамра (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Аш шайн берашка ламаз де ала, церан ворхІ шо кхаьчча;церан итт шо кхаьчча, аш и ламаз бахьана долуш царна тоха,дІабуьйшучу меттехь дІаса а къастабе уьш» (Абу Давуд).

**2) Берана марха кхабар марздар**

Баккъал а, Дала бусалба нахе омра дина,марха кхаба, шайн дегІан лаамаш бита аьлла а, шайна ял хиларе сатийсарца церан синош Шех кхерарна тІехь кхиорхьама.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «ХІай ийман диллина нах, шуна фарз дина марха кхабар, шул хьалха хиллачарна фарз даре терра, – баккъал а, шу Делах кхоьруш хилийтархьама» («Аль-Бакъарат», 183).

Баккъал а, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дукхадезаш хилла бераша марха кхабар, царна тІех ницкъ хуьлуш бацахь. Цуьнан асхьабаша (Дела реза хуьлда царна), берашна тІех ницкъ ца хилийтархьама, царна хан яцъеш, цхьацца хьаналчу новкъахь долу самукъане ловзарш дагадоххкуьйтуш хилла.

ХаттІабан кІанта Іумара (Дела реза хуьлда цунна) мархин баттахь шена хІума кхоллуш гинчу Нашване аьлла: «Дакъазалла ю хьуна, вайн бераш ма ду марха кхобуш!»

Ибн Хьажара (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Іеламнехан цхьабарт бу, пхийттара валаза волчунна тІехь дац марха кхабар, амма и кхаба церан ницкъ кхачахь, кхабар деза дуй хаийтар Элчанан суннатах ду».

СаІдан кІантаСахІла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Баккъал а, ялсамани чохь неІ ю, Райян цІе йолуш, къематдийнахь цу чу гІур ма бац марха кхаьбнарш бен; уьш боцурш цхьа а гІур вац оцу чу. Кхайкхар догІур ду, мичахь бу марха кхаьбнарш, аьлла. Уьш хьала а гІовттийна, цу чу бохуьйтур бу; уьш чубахча, неІ дІакъовлур ю, кхин цхьа а гІур вац цу чу» (Бухари, Муслим).

**3)Закат даларх берана кхетам балар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «ХІай ийман диллинарш! Оха шайна деллачу рицкъанах закат дІало аш, шена чохь йохкар а, доттагІалла а, шапаІат а доцу де (къематде) тІекхачале» («Аль-Бакъарат», 254).

Баккъал а, дас-нанас берана иза жима доллуш хьеха деза закат дала дезарх лаьцна. Цаьршимма цунна хаийта деза, закат даларо даьхни а, синош а цІандеш, ийман, беркат совдоккхуш хилар. ДогІмаш, синош цІандаро дегІера сийдоцу гІиллакхаш дІадоху,– бІаьрмецигалла а, сутаралла а, къизалла а, нехан даьхни даар а, берриг сийсаза белхаш а, нахана юккъе хьагІ а, мостагІалла а тосуш долу.

Хьизаман кІанта Хьакима (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Лакхара куьг лахарчу куьйгал а дика ду. Айхьа доладеш болчарна тІера дІаволало хьо. Уггаре а дика сагІа – шен хьолана тІера делларг ду. ХІума ехарх ларвелларг – Дала ларвийр ву; шегахь долчух кхачам бинчунна – Дала кхачам бийр бу» (Бухари, Муслим).

**4) Берана ХьаьжцІа вахаран белхаш бовзийтар**

Баккъал а, дас-нанас берана хьеха деза ХьаьжцІа Дала Шена Іибадат дайтархьама догІийтина хилар, аьтто болуш верг, шен оьмарехь цкъа вахана а, цига ваха везаш хилар. Дала ХьаьжцІа вахар фарз дина тІедиллина Шен лайх къинхетам бархьама, уьш къинойх цІанбархьама. Баккъал а, хьаьж дехкарехь бусалба нахана а дуккха пайданаш бу, царах бу – дуьненан еа маьІера бусалба нах цхьана меттехь цхьаьнакхетар, уьш вовшашна бовзар, Делан новкъахь хало лар, и къобал хилларг Дала массо къинойх цІанвар, кхиберш. И белхаш бовзаро берийн дегнаш Делах тешарехь чІагІдо, бусалба нах безар совдоккху, хІокху дуьненан еа маьІера бусалба нах цхьаъ хилар гойту.

Абу ХІурайратера (Дела реза хуьлда цунна) деанчу хьадисехь ду: «Суна хезира Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш: «Шегара цхьа къа леташ долу а, оьзда доцу а хІума ца долуьйтуш, Делан дуьхьа хьаьждинарг, нанас дена вича санна, къинош доцуш цІа вогІур ву цигара» (Бухари, Муслим).

*(ТІаьхье хир ю)*

***Алиев Бексолтин Ахьмад***



СУННАТАШ

# БУЬЙСАНАН ЛАМАЗ – МЕЛАН ХАЗНА



Буьйсанан ламазан дозалла гойтуш ду Лекха волчу Дала Шен пайхамаре (IалайхIис-салату вас-салам) иза де аьлла омра дина хилар, Цо, Веза-Сийлахь ву Иза, аьлла: «Буса (вижинчуьра гIаттий), Къуръан дешарца, хьайн (суннат-ламазех) ламазаш де, хьо Кхиош-кхобучо (Къематдийнахь) хастаме долу шафаIатан дарж лур ду хьуна».

*(«Исраъ» сурат; 79-гIа аят)*

ХIара омра Делан Элчане (IалайхIис-салату вас-салам) дина делахь а, массо а бусалба нахе кхочуш ду, цунна тIаьхьадазар вайн декхар долу дела.

Буса я Iуьйкъана ламаз дар вайна деза суннат ду.

Буьйсанан ламазаш деш берш, Делан къинхетамна а, Цуьнан диканна а хьакъ болуш хилар билгалдина ду. Дала, Веза-Сийлахь ву Иза, аьлла «Баккъал а (Делах) кхийринарш (ялсаманин) бошмашкахь а, шовданашкахь а (хир) бу, шаьш Кхиош-Кхобучо мел луш, шайна делларг (ниIматаш) схьаоьцуш, (Дала шайна биначу лерамна резаболуш). Баккъал а уьш хьалха (шаьш дуьненчохь болуш) дика Iамалш еш хилла, буса наб яр кIезиг долуш (ламазаш дукха деш) хилла, Iуьйкъенашкахь (шайн ледарлонашна) гечдар доьхуш хилла».

*(«Аз-Зарият» сурат; 15-18-гIа аят)*

Буьйсанан ламазаш деш болчарна Лекха волчу Дала ийманца тоьшалла дина, Цо, Веза-Сийлахь ву Иза, аьлла: «Баккъал а Тхан (Къуръанан) аятех тешаш берш – цаьрца шайна хьехам бича (Далла хьалха) суждане оьгуш берш бу, шаьш Кхиош-Кхобучуьнна, Цо шайна деллачу ниIматашна, тасбихь доккхуш, хастам беш, Цунна муьтIахь хила а, Iибадат дан а куралла ца еш берш бу. Церан агIонаш (догIмаш) айло буьйшучу меттигашкара (тахIажжуд ламазна гIовтту уьш), шаьш Кхиош-Кхобучуьнга, (Цуьнан) Iазапах кхоьруш, къинхетаме догдохуш (доIанаш деш) кхойкху цара, Оха шайна деллачу рицкъех (дикачу агIор) харжаш йо цара».

*(«Ас-Саждат» сурат; 15, 16-гIа аят)*

Буса ламазаш деш берш а, буьйсанан ламаз дитина берш а цхьатерра цахилар гойту Лекха волчу Дала Шен дашехь: «Далла муьтIахь хилла, Iибадат деш, буса сужудаш деш ламазехь лаьтташ верг, эхартан Iазапах кхоьруш верг, ша Кхиош-Кхобучун къинхетаме (ялсамане) догдохуш верг, тера вуй керстаналла деш Iесаваьллачух? Ахь ала: «Цхьатера буй хууш берш а, цахууш берш а?». Баккъал а хьекъал дерш кхетар ма бу».

*(«Аз-Зумар» сурат; 9-гIа аят)*

Хууш берш а, цахууш берш а цхьатерра цахиларе терра, Далла муьтIахь берш а, Iеса берш а бац цхьатерра бохург ду иза.

ХIорш буьйсанан ламазан дозалла дуьйцучу аятех цхьадерш ду. Цул сов, буьйсанан ламазан дозалла дуьйцуш дукха хьадисаш ду. Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «ХIай нах, салам даржаде, яахIума а яае, гергарлонаш леладе, нах бийшина болуш ламазаш а де, ялсамане гIур ду шу маршонца».

*(Ат-Тирмизи)*

«Кхиош-Кхобург (Цуьнан къинхетам) лена уггар герга хуьлу буьйсанан (кхаа декъах) тIаьххьарчу декъехь, оцу хенахь Лекха волу Дела хьехочарах хила хьайн ницкъ кхачахь, хилалахь».

*(Ат-Тирмизи)*

«Марха кхабарна Рамаданал тIаьхьа уггар сийлахь берг, Делан бутт –Мухьаррам бу, фарз-ламазал тIаьхьа уггар сийлахь дерг буьйсанан ламаз ду».

*(Муслим)*

«Буьйсанан ламаз дийнахь диначу (суннат-ламазал) деза ду, къайлаха делла сагIа гучохь деллачул деза хиларе терра».

*(Ат-ТIабрани)*

Iайшата дийцина: «Баккъал а Делан Элча (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) буса ламазехь лаьтташ хилла, шен когаш бестталц, царна тIера чкъор лелххалц. Ас элира тIаккха: «ХIара хIума хIунда до ахь (хьайна тIехь), хьалха хиллачунна а, тIаьхьа тIе хиндолчунна а (хьан дикалле диллича къа ларалуш долчу хIуманна Дала) хьайна гечдина ма ву хьо?» Цо элира: «Суо (Далла) дукха шукра деш (хастамбеш) лай хилар ца деза суна тIаккха?!» – аьлла.

Буьйсанан ламаза тIехь чIогIаме верг, хьесап доцуш, ялсамани чу гIур ву.

Делан салам хиларо аьлла: «Къематдийнахь нах цхьана меттехь гулбийр бу, тIаккха кхойкхург кхойкхур ву, цо эр ду: «Мичахь бу (буса ламазна гIуьттуш) шайн агIонаш (догIмаш) буьйшучу меттигашкара айбелларш?» ТIаккха цхьа кIеззиг нах дIахIуьттур бу, хьесап доцуш, ялсамани чу гIур бу уьш. Цул тIаьхьа кхиболу нах хьесапе (бигарца) омра дийр ду».

*(Аль-БайхIакъи)*

Буьйсанан ламаз Далла герга вуьгуш а, вон Iамалш дIайойуш а, могашалла тоеш а ду.

Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) аьлла: «Буьйсанан ламаз дар тIехь ду шуна, баккъал а иза шул хьалха дIабаханчу дикачу нехан Iадат ду, Кхиош-Кхобуш волчунна шу герга дуьгуш, вон Iамалш дIайойуш, къа долу хIума  дарх сацош, дегIера цамгар дIайоккхуш ду».

*(Ат-ТIабрани)*

Буьйсанан ламазах Iаьрбийн маттахь къияму-ллайли олу, буса дIавижинчул тIаьхьа гIаьттина деш долчух – тахIажжуд (наб йитаран) ламаз олу.

«Ас нийят ди къияму-ллайли (буьйсанан) ши ракаIат суннат (вижинчуьра гIаьттинехь, тахIажжуд (наб йитаран) ламаз Далла дан, АллахIу Акбар», – аьлла, доьхкур ду.

Буса деш долу ламазаш шишша ракаIат доьхкуш дийр ду. Элчано ма аьлла (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна):

«Суннат ламаз шалха-шалха ду».

*(Аль-Бухари, Муслим)*

Буьйсанан ламазан дукхаллин биллина барам бац. Жундаб кIанта Самурата аьлла: «Делан Элчано (IалайхIи-ссалату ва-ссалам) омра динера тхоьга дукха дай а, кIеззиг дай а буьйсанан ламазаш де, уьш витрунца дерза а де аьлла».

*(Ат-ТIабрани)*

Шеца деш долчу суннат-ламазца цхьаьна пхьуьйра-ламаз дина ваьлча, лаххарчу барамехь цхьа ракаIат витру ламаз динарг а буьйсанан ламаз динарг лору.

Амма барамах гIолехь дерг Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ламазех Iайшата (Дела реза хуьлда цунна) аьлларг ду: «Рамазан-баттахь а, и боцучу хенашкахь а цхьайтта ракаIатал сов ца волура иза…».

*(Аль-Бухари, Муслим)*

Цуьнан хан пхьуьйра-ламаз диначул тIаьхьа, Iуьйра-ламазан хан хиллалц ерг ю.

Буьйса шина декъе екъча, шолгIачу декъехь динарг дозаллехь сов ду, кхаа декъе екъча, юккъера дакъа деза ду, ялх декъе екъча доьалгIа а, пхоьалгIа а дакъа сийлахь ду.

Делан салам хиларо, фарз-ламазал тIаьхьа ламазех уггар сийлахь дерг муьлха ду аьлла шега хаьттича: «Буьйса юккъе яхча дина долу ламаз ду», – аьлла.

*(Муслим)*

Iибадатан уггар хала йолу хан ю иза, гIопал хилар чIогIа долу хан ю. Иштта цо (IалайхIи-ссалату ва-ссалам) аьлла: «Ламазех Далла дукхадезнарг – Давудан (IалайхIи-ссалам) ламаз ду, ах буьйса набарца дIахьош хилла цо, цуьнан кхоалгIа дакъа ламаз тIехь доккхуш хилла, ялхалгIачу декъехь охьавуьжуш хилла».

*(Аль-Бухари, Муслим)*

Цхьаболчу Iелимнаха буьйсанан кхаа декъах тIаьххьара долу кхоалгIа дакъа ламазна деза ду аьлла, цара шайна далийна долу делил (тоьшалла) Элчанан (IалайхIи-ссолату ва-ссалам) хьадис ду: «Вайн Дела (Цуьнан омранца болу кхайкхам) хIора буса, цуьнан тIаьххьарчу кхоазлагIчу декъехь дуьненан стигала охьавуссу, тIаккха Цо олу: «Соьга доIа деш волчунна Ас жоп лур ма ду, Соьга (хIума) доьхуш волчунна Ас лур ма ду, Соьга гечдар доьхуш волчунна Ас гечдийр ма ду».

*(Аль-Бухари, Муслим)*

Шен пхьуьйра ламаз а дина, буьйсанан ламазна гIоттур ву-кха ша аьлла нийят долуш дIавижинчунна, иза кхин сама ца волуш, Iуьйра ламазан хене ваьлча а, мела хир бу цунна.

Абу-Дардаа далийначу Элчанан (IалайхIис-салату вас-салам) хьадисехь ду: «Буса хьалагIаьттина, ламаз дийр ду ша аьлла нийят долуш дIавижинарг – набаро эшийна, иза Iуьйренга ваьлча, цо дагалаьцнарг дIаяздийр ду цунна. Цо йина йолу наб шен Делера сагIина хир ю цунна».



Ша буса гIаттаза висарна кхоьручо, дIавижале буьйсанан ламазаш дойла, тIаьхьара витру ши ракаIат а, тIаккха витру цхьа ракаIат а деш. Цул тIаьхьа буьйсанна я Iуьйкъана самаваьлла шен тахIажжуд ламазаш дан лаахь, Абу-Давуда а, и воцучо а дийцинчу «Цхьана буса шиъ витру ца хуьлу», – бохучу хьадисна тIетевжина ламазаш дийр ду; ша дIавижале тIаьххьара динчу цхьа ракаIат витру (нечетни) ламазах шафIу (четни) хилийта хьалха цхьа ракаIат витру-ламаз а дина, тIаккха шена ма-луъу тахIажжуд ламазаш дийр ду, цул тIаьхьа уьш дерзош, юха витрунца дерзор ду. Ибн Iумара а, Турпал-Iелас а (Дела реза хуьлда царшинна), и шиъ воцчо а динарг, аьлларг ду хIара.

Буьйсана я Iуьйкъана гIаттар шен Iадат лаьцначо, витру-ламаз тIаьхьататтар мелехь ду.

Иштта, мелехь ду шен хIусамнана а ламазна гIаттор. Абу-ХIурайратера долчу Элчанан (IалайхIи-ссалам) хьадисехь ма ду: «Дала къинхетам бина, буса хьалагIаьттина, ламаз дина, шен зуда а самаяькккхинчух (ца гIоттуш) дуьхьалъялахь, цо юьхь тIе хи тухур ду цунна. Дала къинхетам бина буса хьалагIаьттина, ламаз дина, шен майра а самаваьккхинчух, гIатта реза вацахь, цо юьхь тIе хи тухур ду цунна», – аьлла.

Буьйсана самаваьлча, набаран лар дIайоккхуш юьхь тIе куьг хьокхур ду, цергаш цIанйир ю, стигал хьалахьаьжна, «Субхьанал-Маликил-Къуддус» эр ду. Цул тIаьхьа «Алу-Iимран» суратан чаккхенгера итт аят доьшур ду (Инна фи халкъи-ссамавати вал-арзы) бохуш долалуш ду уьш. ХIокху аятийл  хьалха а, тIаьхьа а Делан Элчано (Делера къинхетам а, маршо а хуьлда цунна) деш хилла долу доIанаш дийр ду, «Бусалба стеган гIап» олучу, вайн матте даькккхинчу жайни чохь хьалхарчу декъехь яздина а ду уьш.

Иштта, мелехь ду буьйсанан ламазаш дайн (деха доцуш) долчу шина ракаIатца долор, цул тIаьхьа деш дерш шена ма-луъу дахдар. Фатихьатал тIаьхьа деха сураташ доьшуш ламаз тIехь латтар, юх-юха доьхкуш дацдеш дукха динчу ламазийл сийлахь ду.

Буьйсанан ламазаш мел кIеззиг дина а деш хилар, дечо цадитар мелехь ду. Делера салам хиларо ма аьлла Iамр бин Iас кIанте IабдуллахIе: «ХIай IабдуллахI, буса ламаз деш, тIаккха дуьтуш волчух тера ма хилалахь», – аьлла.

*(Аль-Бухари, Муслим)*

ТахIажжуд ламаз деш волчо иза дитар карахIат (динехь ца дезаш долу хIума) ду бохург ду иза.

Буса дечу ламазна гIаьттинарг, шен наб дIа ца ялахь, ламазан хан д1аяла кхерам бацахь юха дIавижар гIоле ду. Iайшата далийначу, Делера салам маршала хиларан хьадисехь ма ду: «Шух цхьаъ буса гIаьттича, Къуръан нийса ца доьшуш, ша дуьйцург хIун ду ца хууш верг – юха дIавуьжийла», – аьлла.

*(Муслим)*

Иштта, Iайшатера (Дела реза хуьлда цунна) ду: «Iамалш шайн ницкъе хьаьжжина е, валлахIи, Дела шун мел дIахадош ма вац, аш шайн Iамалш дIахадаяллалц», – бохуш долу хьадис а.

*(Аль-Бухари, Муслим)*

*С. Муртазаев*

## ХАТТАРШ А, ЖОЬПАШ А – ШАРИIАТЦА

**Ас айса къа а хьегна, эцна дакъа ду. Сайн йоIаца Iаш ю со. Ткъа вушта сайн верасаш а бу сан. Со хIинцале а сагот-та ю, со еллачул тIаьхьа и дакъа бухабуьсучара къуьйсур дуй- те аьлла. Нагахь сана, со дийна а йолуш, хIокхунна я оцунна дуьту ас сайн дакъа, аьлла а долуш, и дакъа къийса бакъо юй церан со дIаяьллачул тIаьхьа? Ткъа и дакъа дех дисина хилча а, царна юккъехь цхьа а башхалла юй?**

Шен дех дисина дакъа тIехь Iаш хуьлийла и зуда, тахана оцу зудчун верасаша барт бинехь, хьайл тIаьхьа, хьайна луъучунна дала а, дохка а, хьайн бакъонехь йити оха хьо, тхайна кхочуш долчу оцу декъанна аьлла, нахана а хууш, цара и дош аьлча, тIаккха шен луъург дан бакъо хуьлу оцу зудчун. Ткъа цара и аьлла а доцуш, хьо яллалц кху декъа тIехь яха хьайна, аьлла, йитина йолчу цо и кхечунна дола даккхахь, цо весет яздича а, весет дIагIур дац цуьнан, тешаш а болуш, цо и дIало аьллехь а, и дIададалар хир дац, хIунда аьлча, шен долахь дерг дац цо луш дерг.

Ткъа, масала, оцу зудчо ша эца а эцна, ша ден а дина долу дакъа, ша дийна йолуш, гарманан арахь Iаш волчу гIазкхичунна а дала бакъо ю цуьнан.

**Ткъа шарахь сов, сайн цIийндеца цхьатерра къа а хьоьгуш, сайн марзхойн кертахь а доцуш, сайн ков- керт дина ас. Цу ткъа шарахь цхьана Iаш, доьзалхо ца хилла тхан. И бахьана долуш, со цу кертара араяьккхина. Сан цхьа а бакъо юй оцу айса къахьегначу меттигана?**

Зудчунна мел оьшуш долу хIума латтадар тIехь ду цIийндена. Ткъа и иштта долушшехь, шен цIийндена улле а хIоьттина, къахьегна цу зудчо. Оцу цIийндена ма-дарра гуш а ду цо хьоьгуш долу къа.

Тахана дуьненчохь и шиъ цхьана а дехаш, доьзалхо а воцуш, и стаг велча, цара цхьана вовшахдиттинчу даьхнех, дерриге а кепекан мах хадо йиш йолчу хIуманан мах хадийча, оцу зудчунна цуьнан даьхнех доьалгIа дакъа догIу шариIатехь. Нагахь сана, и зуда еллехь, доьзалхо а воцуш, оцу стагана зудчун даьхнех нийсса ах дакъа догIу. Цундела, оцу белхашка а хьаьвсина, ша хьегначу къинна тIера яькккхина-кх ас хIара аьлла, адамалла хьалха а яькккхина ( я цуьнан, я кхуьнан бехкана йоьхна хуьлийла и) , оцу стага, ойла а йина, цу зудчо хьегначу къинна доьххург дIадала деза. Нагахь санна, и схьа ца лахь, Iедалан суьдехула шена догIург схьадаккха бакъо ю оцу зудчун.

**Шен даьхни юхалург цхьанга луш, я закъалтана хIума а йиллина, юхалург луш лело беза некъ муха бу?**

Гатвелла волчу стагана гIо деш, цуьнга юхалург даьхни далар – цунна гIо дар ду, сагIийна делча сана, Делера ял а хир йолуш, оцу даьхнех шена са а ца лоьхуш, и луш делахь. Амма ша билгалйинчу хенахь и дIададалар гIиллакхехь ду. Ткъа и шен хеннахь дIададалар ца нислахь, даьхни долчу дега хаийта деза шен и дIададалар цанисдаларан бахьана.

Даьхни юхалург луш, дIаязде боху вайга Дала а. ХIунда аьлча, адаман вицвалар а хуьлу. Амма и йоза тоьшаллина ца хIутту, хIума дагадайита яздеш ду и. Ткъа даьхни дIалучу заманчохь шиъ теш хIоттаве боху.

Закъалтана хIума йиллар – тешам хилийтар ду. Механа еза йолу хIума закъалтана а юьллий, даьхни юхалург луш меттигаш нисло. Цо лоьхург хIун ду? Шега аьллачу хенахь и декхар юха ца  дерзадахь, нагахь сана закъалтана йиллина хIума йоьхкича, цуьнан даьхни меттхIуттур долуш делахь, и йохка а йоьхкича, диснарг и закъалтан хIума йиллинчуьнга дIадала деза цо, шен даьхни цунах схьа а эцна. Иштта чу некъаца юьллуш ю нахана юккъехь закъалтана хIума.

**ЙоI маре йоьдуш, и цIера араяккхале цуьнца махбар, бехкам болуш ду я дац?**

Бусалба дино лоьхург хIун ду аьлча, йоI, шен цIера араялале, дас махбар ду, да вацахь, цу йоьIан велис. ХIунда аьлча, махбаза а болуш, оцу зудчунний, стаганний юккъе эвхьазло йолахь, цара еш ерг хьарамло ю. Цундела, уьш ларбархьама, и зуда дIайигале махбарна сихо ян еза.

**КIанта а, йоIа а захало дуьйцучу хенахь, тешамна кара хIума ( чIуг, йовлакх и дI. кх. ) луш ду вайн нохчийн Iадатехь. Ткъа вайн цхьайолчу меттигашкахь тешамна йоIа кIантана куьг карадалар а ду лелаш. Цхьаболчара тIе а эцна лелаш ду и, ткъа кхиболчара аьттехьа а ца дуьту и. Бусалба динца догIуш дуй куьг карадалар.**

Нохчийн халкъ бусалба дин тIеэцале, шен Iадаташ а, гIиллакхаш а долуш, дехаш хилла. Ткъа и дин вай тIеэцначул тIаьхьа, цу динца догIуш доцу Iадаташ а, гIиллакхаш а вайн юккъера дIа а дохуш, схьадаьхкина вай. Бусалба динна новкъарло йолчух ду зудчо, тешамна ло ша аьлла, ша долаялаза волчу стеган куьг шех хьакхадалийтар. Ша кара хIума яла лууш елахь, я чIуг, я йовлакх дала деза. Ткъа иза а уллехь я кIентан, я йоьIан агIор цхьа теш а волуш яла еза. Кара куьг далар бусалба динехь бехке ду. Цунах лардала а деза вай.

**Нагахь санна я да, я деваша, Делан некъатIера гал ваьлла, шен нах юхьIаьржа а хIиттош, вуон мел долу хIуманаш шех дуьйлуьйтуш велахь, ткъа и сацо тайпанах кхин воккханиг а ца хилча, цуьнан доьзалхочо и нуьцкъах сацавар ( я дIавихкина, я чувоьллина) Далла гергахь бехк болуш дуй?**

Иштта стаг, хIуъу а аьлча, сацалуш ца хилча, цу юьртан къедане даккха деза и гIуллакх. Нагахь санна, цо хьехам бича а, и нис ца лахь, цу къедас еллачу бакъонца оцу доьзалан бакъо хир ю и стаг сацо, и да велахь а. Ден хьурмат цадинарш хир бац уьш. Мелхо а и Iалашварна ял хир ю царна, цуьнан зуламах нах Iалашбарна ял а хир ю царна.

*Хаттаршна жоьпаш делла*
*КЪКФО-н Iелимнехан кхеташонан куьйгархочо*
*Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас.*

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Двадцать девять лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых авлийа, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство информации и печати Чеченской Республики

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Хож-Ахмад-Хаджи Кадыров**
**Основатель газеты  Масуд Заурбеков**
**Главный редактор Магомед Заурбеков**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в УправленииФедеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00II0.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц по четвергам на русском и чеченском языках. Цена свободная. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 09.09.2020 г. 15:00. Подписано в печать: 09.09.2020 г. 16:00. Заказ №_________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161.

**16+**